

Kòman pou Plede pou Pitit Ou ak Tèt Ou nan Lekòl

Ki sa ki Pledwari a?

Lè w ap plede pou pitit ou, sa vle di ou leve vwa w epi ou aji pou sipòte bezwen ak dwa li yo. Sa vle di tou ou goumen pou gen chanjman nan pratik ak desizyon lekòl la, non sèlman pou pitit pa w la, men pou lòt elèv ak fanmi ki pale plizyè lang tou. Pledwari se itilize vwa w pou ede kreye yon chanjman pozitif nan edikasyon ak nan kominote lekòl la an jeneral. An mezi ke pitit ou ap grandi, li enpòtan pou l wè w ap fè plede pou li—konsa, l ap ka aprann kijan pou l plede pou tèt pa li lè moman an rive.

Poukisa Li Enpòtan pou Fanmi yo Plede pou Pitit yo?

- Li amelyore komunikasyon ak kolaborasyon ant lakay la ak lekòl la.
- Li asire ke elèv yo jwenn sipò yo bezwen an.
- Li ranfòse konfyans ak lidèchip lakay elèv yo ak fanmi yo.
- Li ankouraje yon anviwònman aprantisaj kote tout elèv gen aksè ak opòtinite edikatif ki siyifikatif.

Kòman Ou Ka Plede de fason Aktif pou Pitit Ou ak pou Tèt Ou?

Bati relasyon:

- Aprann konnen pwofesè pitit ou yo, konseye yo ak direktè lekòl la.
- Konekte ak lòt paran pou youn sipòte lòt.

Aji rapidman:

- Pataje enkyetid ou yo san pèdi tan.
- Pa tann pou pwoblèm yo vin pi grav.

Enplike w nan aktivite lekòl la:

- Kolabore ak pwofesè yo ansanm ak pitit ou pou fikse objektif pou ane lekòl la epi jwenn solisyon pou pwoblèm ki parèt.
- Patisipe nan reyinyon ak evènman lekòl la lè w kapab. Sijere lòt fason ou ta renmen patisipe.
- Kenbe komunikasyon ak pwofesè yo ak anplwaye lekòl la epi rete angaje nan aprantisaj pitit ou a.

Lòt Lide:

- Ki lòt lide ou genyen sou enpòtans pledwari ak fason ou ka plede ni pou pitit ou a ni pou tèt ou?